

## **Avi a Moun oswa Mandatè ki ka Pran Desizyon Medikal nan Plas yon lòt Moun**

Yo deziye oumenm, \_\_\_\_\_, kòm moun oswa mandatè pou pran desizyon medikal pou \_\_\_\_\_, yon malad nan etablisman \_\_\_\_\_.

Annatandan ke tribunal la konsidere Demann Etablisman an pou Deklare ke moun lan Enkonpetan pou li bay Konsantman pou Tretman Ak nominasyon yon Avoka Gadyen pou moun ki site anwo a, se oumenm ke yo nonmen kòm moun ki otorize pou pran desizyon sou tretman pou malad la. Anvan ke w pran ankenn desizyon sou tretman pou malad la, yo pral:

1. Ba w menm enfòmasyon ke lalwa egzije pou yo bay yon avoka gadyen; epi
2. Rankontre epi pale ak malad la ansanm ak doktè malad la an pèsòn si toutfwa sa posib osinon pa telefòn.

Antan ke yon moun oswa mandatè ki ka pran desizyon medikal nan plas yon lòt moun, ou genyen otorite pou bay konsantman enfòme sèlman pou desizyon medikal pou malad la ke w kwè ke malad la ta pran nan sikontans sa a si li te kapab pran desizyon sa yo poutèt pa li. Ou ka genyen aksè a dosye medikal ki apwopriye, aplike pou byen piblik, epi otorize piblikasyon enfòmasyon ak dosye medikal a moun ki apwopriye pou asire kontinyasyon swen medikal malad la, epi otorize transfè malad la nan oswa pou sòti nan yon etablisman swen medikal. Ou pa genyen otorite pou bay konsantman sou avòtman, esterilizasyon, elektwochòk, sikochiriji, tretman eksperimentyal, oswa admisyon volontè nan yon etablisman lasante mantal san konsantman tribunal la.

Non Administratè a oswa Moun li Deziye an karaktè enprimri

Siyati Administratè a oswa Moun li Deziye a

Dat (mwa/jou/lane)

**Chapit 765, F.S. egzije ke de (2) doktè detèmine envalidite moun nan pou konsanti pou tretman pou prevalwa Otorite Moun oswa mandatè ki ka pran desizyon medikal nan plas yon lòt moun.**

\* Yo dwe bay moun oswa mandatè ki ka pran desizyon medikal nan plas yon lòt moun yon kopi orijinal fòm sa a, epi yon kopi a malad la ansanm ak prezantan li. Yo ta dwe kenbe yon kopi nan dosye medikal malad la.